



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

**Pou Piblikasyon Imedya:** 30 avril 2014

**GOUVÈNÈ CUOMO PREZANTE REFÒM PWOGRAM ETID KOMEN YO KAP PWOTEJE ELÈV AK PARAN NAN MOMAN EGZAMEN MATEMATIK YO AP KÒMANSE**

Gouvènè Cuomo te anonse jodi a elèv kap pase egzamen eta Etid Komen (Core Common) nan klas 3-8 semèn sa pral pwoteje grasa nouvo refòm ki adopte nan bidjè eta pou lane fiskal 2014-2015 lan. Refòm yo elimine gwo presyon pou elèv sou egzamen ane sa pou eta a ka vanse ak egzekisyon Etid Komen amelyore a.

“Monte nivo a pou lekòl New York enpòtan anpil nan preparasyon timoun nou yo pou lavni – men Etid Komen an nan dwe egzekite kòmsadwa pou paran ak elèv ka gen konfyans nan chanjman kap fèt nan salklas nou yo,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Lwa sou Refòm Egzekisyon Etid Komen mwen te vote mwa pase a pwoteje elèv nou yo epi bay pwofesè ak paran garanti nouvo nòm sa yo pral aplike kòmsadwa. Ak refòm sa ak angajman nou pou nòm pi wo nivo, Eta New York pral kontinye mennen nasyon an nan re- envante lekòl nou yo pou lavni.”

Karannkat eta adopte nòm Etid Komen yo, ki chita sou konesans ak konpetans elèv bezwen pou yo reyisi nan kolèj ak nan travay yo nan venteyinyèm syèk la, ansanm ak estrateji edikasyon yo itilize nan peyi ki gen pi bèl pèfòmans nan monn nan. Se dezyèm ane Eta New York teste elèv sou baz nòm pi wo nivo sa yo.

Men chanjman ki genyen nan Lwa sou Refòm Egzekisyon Etid Komen Gouvènè a siyen an:

- Li entèdi pou Nòt Etid Komen nan egzamen eta nan klas 3-8 enprime sou kanè elèv oswa rante nan dosye pèmanan yo;
- Distri lekòl pa ka itilize nòt Etid Komen nan egzamen eta nan klas 3-8 kòm sèl ak prensipal faktè nan nenpòt desizyon enpòtan pou elèv tankou pasaj nan klas siperyè oswa plasman;
- “Egzamen bil” estanda pa ka sèvi pou timoun nan pre-kindergarten jiska dezyèm ane;
- Kantite èdtan lekòl ki ka itilize pou egzamen eta ak lokal estanda ak pou preparasyon pou egzamen estanda limite, sa ki montre aklè meyè fason pou prepare elèv se atravè bon jan ansèyman;

Haitian Creole

- Transparans nan egzamen lokal obligatwa epi li pi fasil pou distri lekòl elimine twòp egzamen ki pa nesesè; epi
- Lwa sou konfidansyalite ak sekirite enfòmasyon New York ranfòse pou ogmante pwoteksyon piblik pandan n ap kontinye itilize zouti enfòmasyon ak teknoloji enpòtan pou sèvis edikasyon ak operasyon.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418